



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**LAJAN NAN PÒCH OU: GOUVÈNÈ HOCHUL PWOPOZE DIMINISYON ENPO POU
KLAS MWAYÈN NAN, RANBOUSMAN AKOZ ENFLASYON KREDI ENPO POU
TIMOUN POU FÈ NEW YORK VIN PI ABÒDAB**

*Gouvènè a pwopoze diminye taks klas mwayèn nan nivo ki pi ba nan apeprè 70
zan — k ap ede 3 sou 4 kontribyab New York*

*Premye ranbousman pou enflasyon ki t ap livre 3 milya dola peman dirèk bay 8.6
milyon Nouyòkè*

*Kredi enpo pou timoun nan ta ogmante a 1,000 dola pou timoun laj 0-3 zan, 500
dola pou timoun laj 4-16 zan*

Gouvènè Kathy Hochul te pwopoze yon diminisyon taks pou klas mwayèn nan pou plis pase 8.3 kontribyab Nouyòkè nan kad Diskou li a sou Sitiyasyon Eta a an 2025. Lè li diminye pousantaj sou senk nan nèf tranch enpo Eta a, Gouvènè Hochul ap diminye pousantaj taks yo nan nivo ki pi ba nan apeprè 70 zan. Gouvènè a ap pwopoze tou premye Ranbousman sou Enflasyon ak yon ogmantasyon konsiderab nan Kredi Enpo pou Timoun nan.

“Fanmi yo pa ta dwe enkyete de si yo ka peye pou mete manje sou tab la oswa non akoz ogmantasyon depans pwodui alimantè yo,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Rann New York pi abòdab se te youn nan premye priyorite mwen epi pou kontinye angajman sa, m ap pwopoze yon diminisyon taks enpòtan pou Nouyòkè klas mwayèn yo pou soulaje fado enflasyon an.”

Rediksyon Taks pou Klas Mwayèn

Gouvènè Hochul ap pwopoze yon diminisyon taks pou klas mwayèn nan pou bay apeprè 1 milya dola soulajman taks pou plis pase 8.3 milyon Nouyòkè. Sa ap bay ekonomi pou kontribyab k ap fè 323,000 dola pou moun ki deklare ansanm yo. Lè yo aplike l nèt, diminisyon taks pou klas mwayèn nan ap bay plizyè milye dola ekonomi an mwayèn pou apeprè 77 pousan deklaran yo - ki reprezante twa sou chak kat kontribyab.

Lè li adopte an lwa, diminisyon taks klas mwayèn Gouvènè Hochul la ap anvigè nan ane fiskal aktyèl la epi l ap reflekte nan pousantaj kontribyab yo peye sou chak chèk pewòl — ofri soulajman touswit, sou chak jou salè, pou Nouyòkè k ap travay di yo.

Premye Ranbousman pou Enflasyon New York

Pandan enflasyon an ap ogmante pri sou tout bagay soti nan ze rive nan rad, Nouyòkè yo kontinye santi pensman nan kès la. Pandan enflasyon an ap fè pri yo monte, k ap sape revni Nouyòkè yo, li pote gwo ogmantasyon tou nan koleksyon taks Eta a. Gouvènè Hochul kwè ke lajan se pou fanmi New York k ap travay di yo e li ta dwe tounen nan pòch yo kòm yon Ranbousman pou Enflasyon, se poutè sa li pwopoze premye ranbousman enflasyon New York la k ap fè 3 milya dola retounen nan pòch 8.6 milyon kontribyab. Vè lafen 2025, Eta Nouyòk ap voye pèman dirèk bay chak Nouyòkè. Moun ki deklare taks ansanm ki fè 300,000 dola oswa mwens ap resevwa yon peman 500 dola epi tout kontribyab ki selibatè New York ki fè 150,000 dola oswa mwens ap resevwa yon peman 300 dola. Peman yon sèl fwa sa yo ap ede fè finans Nouyòkè yo respire an 2025.

Ogmantasyon Konsiderab Kredi Enpo pou Timoun

Gouvènè Hochul ap defann fanmi yo ak yon pwopozisyon ki pote transfòmasyon pou ogmante kredi enpo taks pou timoun New York, ki bay soutyen finansye ki enpòtan pou plis pase 2.75 milyon timoun nan tout eta a. Plan istorik sa ap double oswa triple kredi aktyèl la nan anpil ka, ofri jiska 1,000 dola pa ane pa timoun ki pi piti pase kat an e jiska 500 dola pa timoun pou sa ki gen kat jiska 16 an. Sa make pi gwo ogmantasyon nan listwa kredi, ki depase maksimòm 330 dola pa timoun aktyèl la anpil. Gouvènè Hochul ap avanse efò pou diminye povrete timoun depi lè li te antre an fonksyon an 2021 epi li te kreye Konsèy Konsiltatif pou Rediksyon Povrete pou Timoun (Child Poverty Reduction Advisory Council, CPRAC) nan objektif pou redwi siyifikativman povrete timoun. CPRAC te pwopoze rekòmandasyon yo an desanm 2024, ki enkli ekspansyon yon kredi taks pou timoun kòm metòd ki gen plis enpak pou diminye povrete a.

Kredi ki ogmante a ap benefisye fanmi yo atravè kad revni a, ak kredi mwayen k ap ogmante de 472 dola a 943 dola pa ane. L ap bay soulajman ki tèlman nesèsè pou fanmi klas mwayèn yo ki pa t kalifye anvan yo, tankou yon fanmi kat moun k ap fè 170,000 dola, k ap resevwa plis pase 500 dola pa ane kounye a. Pou fanmi ki gen yon timoun piti ak yon timoun ki nan laj pou lekòl k ap fè 110,000 dola, total kredi a ap 1,500 dola — 1,000 dola plis anplis pase sa pwogram aktyèl la bay la.

Ekspansyon an ap aplike sou plis pase de zan, apati 2025 pou timoun ki gen pi piti pase kat an rive nan timoun ki pi gran an 2026. Kredi ki ranbousab sa ap diminye povrete nan tout eta a nan yon pousantaj yo estime a 8.2 pousan, epi lè yo konbine ak inisyativ yo Administrasyon Hochul la dejan antreprann tankou ekspansyon swen timoun ki sibvansyone a, yo prevwa ap diminye povrete timoun yo a 17.7 pousan. Pwopozisyon Gouvènè Hochul la reprezante yon etap odasye pou diminye povrete epi sipòte fanmi atravè New York yo.

Komisè pa Enterim Depatman Fiskalite ak Finans Eta Nouyòk la, Amanda Hiller, te deklare, "Diminasyon taks pou klas mwayèn Gouvènè Hochul la, chèk soulajman pou enflasyon ak kredi enpo ki ogmante a ap fè yon diferans reyèl nan bidjè chak fanmi k ap travay. Depatman Enpo a rete pare pou bay soulajman ki tèlman nesèsè sa pi rapid ke posib."

Ajennda sou pri ki abòdab 2025 Gouvènè Hochul la apiye travay san pran souf li pou abòde kriz kou lavi a epi fè Eta Nouyòk yon fwaye ki pi abòdab pou tout fanmi nou yo. Soti nan diminye taks, bay chèk ranbousman dirèkteman a fanmi New York yo epi adopte politik ki odasye pou bese kou swen pou timoun, lojman, ak enèji, Gouvènè Hochul te goumen pou leve fanmi New York yo. Depi li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te:

- Ogmante salè minimòm nan a 16.50 dola nan Vil New York, Long Island ak Westchester, epi a 15.50 dola pou rès Eta a, ak salè yo ki sou pwèn pou ogmante ankò an 2026 epi pou koresponn ak enflasyon an apre sa.
- Te sekirize apeprè 600 milyon dola nan soulajman pou taks sou gaz pou Nouyòkè yo lè pri gaz yo monte wo.
- Te pote 10 milya dola finansman federal nan fwaye pou bay asirans sante bon kalite, nan pri ki abòdab pou apeprè 1.5 milyon Nouyòkè atravè Egzonerasyon federal sou Inovasyon Eta a, pi gwo prim Egzonerasyon pou Inovasyon Eta a jiska prezan.
- Kopèman ki anile pou ensilin sou tout plan swen sante ki reglemante Eta Nouyòk yo.
- Te bay 1.26 milya dola ipotèk nan pri abòdab pou kreye 7,300 opòtinite pou vin pwopriyete kay yo.
- Te peye plis pase 2 milya dola bonis a plis pase 800,000 travayè swen sante nan tout eta a, ki voye bonis a jiska 3,000 dola pou travayè atravè New York.
- Te akòde 2.3 milya dola soulajman fiskal pou apeprè twa milyon Nouyòkè ki nan pwogram Soulajman Fiskal Eskolè Eta a.
- Te kreye pwogram pilòt Garanti Pri Enèji ki Abòdab la, k ap diminye chaj finansye pou fanmi ki gen revni ki fèb yo k ap benefisye de amelyorasyon efikasite san depans Otorite Rechèch ak Devlopman nan Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research Development Authority) la nan kay yo lè yo mete limit nan pri anyèl depans elektrisite yo.
- Egzije konpayi asirans sante yo kouvri EpiPens lan, ki mete limit sou frè ki sou chaj pasyan an a 100 dola, ki rann tretman ki sove lavi yo pi abòdab pou Nouyòkè ki bezwen yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)